

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knock this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.


The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throwy this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

## Dealing With Covid-19 in Nigeria

Coronavirus na serious threat to Naija pipo -- wey be over 180 million – because the healthcare system weak, the pipo dey very poor, the living conditions no good and the Government too dey corrupt. Economic and insecurity conditions for Naija dey bad before this coronavirus kasala burst, and Naija dey already score fail for health parameters; pipo too dey die and life expectancy dey poor. When and if coronavirus enter communities wey get high population for Naija, kasala go burst.

E dey important make Naija handle this pandemic in a way wey dey progressive and transparent, to ensure the well-being of citizens, build resilience and prevent any social conflict wey fit happen sharp sharp. This na huge challenge for Naija, but na also opportunity to renovate public health systems, improve relationship between Naija pipo and those who dey in power, and improve governance.

Confirmed COVID19 Cases - Nigeria 2020



# COVID-19 Update: Measures for relaxing Lockdown

For June 1st, presidential task force announce say dem don change some of the rules wey go dey allow pipo move freely. The new rules wey we go dey follow be dis:



1. Nationwide curfew still dey, but dem don change the time to 10pm – 4am.



2. Financial sector go open fully and work during normal working hours.



3. Church and mosques go open, but go get restriction (na only normal service dem go dey do), depending on wetin the Government for each State talk.



4. Pipo still no fit waka from one State to another, except sey dem carry goods or na very important travel.



5. More than 20 pipo no fit gather, except if na for workplace, church or mosque.



6. Airport go make protocols for flight from one State to another state, and fit resume from June 21.



7. Hotels fit resume.




8. Restaurants and fast food wey dey outside hotels no fit allow pipo eat for inside, but dem fit buy take away.



9. Bars, gyms, cinema, nightclubs and parks go dey closed until further evaluation.



10. All schools go dey closed until further evaluation.



11. Offices suppose maintain say 2m dey between workers at 75% maximum capacity.

## Other things wey dem consider:

- The Government of each State go make sure say dem enforce the guidelines.
- All the places wey dem permit make dem open (hotels, church, mosques, etc) must to make sure say them maintain safety measures (masks, sanitizers/handwashing, 2 metre physical distancing, capacity limits, etc).
- Domestic flights go only open on June 21 if airports meet some conditions before the date:
  - The aeroplanes must dey good and safe to fly (they must to check/ do maintenance)
  - Pilots/crew must to make sure say dey don do certification and medical check.

## YEYE TORI



COVID-19 na rumour wey pipo start because dem no want make we dey go church and mosque

Na only pipo wey don old coronavirus dey catch.

Isolation centres no wan release the cure for COVID-19

COVID-19 no dey real because health workers no dey get am

You no go get COVID-19 if you dey use disinfectant wash your hand

# VS



## TRUE TORI

Dem close church and mosque because pipo from different places wey dey gather there plenty and e fit cause make the virus spread quickly. No be only church and mosque dem close for this reason; bars, resturants, hotels, and clubs sef no open.

Even though say old pipo fit catch coronavirus quickly, this statement no be fact. WHO don talk say 10% to 15% of pipo under 50 years don get severe or moderate infection. The disease dey severe for body of some teenage pikin and pipo wey dey their twenties, and many of them need serious medical attention and some don die. Everybody, no matter the age dem be must work together to make sure say this virus no spread.



COVID-19 no get cure wey dey valid and na quarantine and treatment of pipo wey get the virus dem dey do for isolation centre. NCDC don talk the way dem dey treat pipo wey get COVID-19:

- Dem dey manage the symptoms
- Dem dey manage sickness wey dey for the patient body before
- Dem dey do supplemental oxygen therapy
- Dem dey treat bacterial infection
- Dem dey make sure say patients dey get good food and water for body

NCDC don talk say the number of health workers wey don get coronavirus as at June 3, 2020 na 812, including 29 pipo wey dey work for NCDC. Media too don report say health workers wey don get this virus plenty.

Disinfectants like bleach dey harmful to the skin; na for only some surfaces you suppose use them. If you wash your hand well well with soap or hand sanitizer, the virus go comot your skin.

# COVID-19 Statistics



CORONAVIRUS MATA AS E DEY FOR NAIJA TODAY - 18/06/2020

**17,735**

CONFIRMED CASES

**469**

DEATHS

**5,967**

RECOVERED

**103,799**

TESTED